

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Atikan lain hal anu sifatna statis, tapi kudu dinamis. Ieu hal nuduhkeun yén dina dunya atikan diperlukeun parobahan. Parobahan éta téh bisa katitén tina buku pangajaran, média pangajaran, katut métode pangajaranana. Patali jeung buku pangajaran aya rupa-rupa bahan pangajaran basa anu kudu ditepikeun, salasihiji bahan anu bisa diajarkeun di sakola nya éta Aksara Sunda.

Aksara Sunda minangka hasil karya otografi masarakat Sunda ngaliwatan lalakon sajarahna ti awal abad ka-5 Maséhi nepi ka kiwari (Baidillah, 2008:5). Saupama disawang tina jihat kabudayaan, aksara Sunda minangka salasihiji kabudayaan Sunda anu dipaké ku karuhun urang Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis atawa tradisi tulisan. Ku ayana éta tradisi tulisan, mangka generasi saterusna bisa manggihan informasi penting ngeunaan sajarah, ajén-inajén budaya, jeung aspék budaya lianna anu diwariskeun ti karuhun.

Dina kaputusan Pamaréntah Daérah Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan miara Basa, Sastra, jeung Aksara Daérah, disebutkeun yén: *“Aksara Sunda adalah sistem otografi hasil kreasi masyarakat Jawa Barat yang meliputi aksara dan sistem pengaksaraan untuk menuliskan Bahasa Sunda”*.

Kaputusan éta téh dikaluarkeun ku pamaréntah pikeun ngajaga sarta ngariksa budaya titinggal karuhun anu méh sirna lantaran geus langka dipaké.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Basa Sunda miboga kalungguhan salaku basa daérah, sarta mangrupa basa indung pikeun masarakat Jawa Barat. Ku ayana pangajaran basa Sunda di unggal sakola, dipiharep bisa méré bantuan ka para siswa sangkan mikawanoh dirina jeung budayana. Salian ti éta pangajaran basa Sunda dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina komunikasi ngagunakeun basa Sunda kalayan hadé tur bener, boh ngaliwatan lisan boh tulisan.

Tatapakan aksara nu ditetepkeun dumasar kana: 1) Wangunna nojo kana aksara Sunda kuno, nepi ka nu aslina tetep kajaga; 2) Wangunna anu basajan nepi ka gampang dituliskeun; 3) Sistem nuliskeunana per kecap; 4) Éjahanana dumasar kana basa Sunda anyar/ mutahir nepi ka gampang dibacana; 5) Merhatikeun unsur kaéndahan (éstétika) nepi ka engkéna bakal dipikaresep ku nu makéna, sarta bisa dijieun kaligrafi; 6) Daptar abjad disaluyukeun jeung kosa kecap basa Sunda anyar/ mutahir; 7) Tanda bacana sarua jeung aksara latin; jeung 8) Kamungkinan ditulis maké alat cétak modérn, saperti mesin ketik, mesin cétak, jeung komputer, (Cahyadi, 2011: 4).

Ku sabab aksara Sunda mangrupa hasil karya urang Jawa Barat, urang salaku masarakat Jawa Barat dipiharep kudu bisa nulis aksara Sunda, hususna pikeun nu ngatik jeung nu diajar.

Pangajaran aksara Sunda di unggal sakola mangrupa salasahiji tarékah nu kawilang éféktif. Pangajaran aksara Sunda tétéla dipangaruhan ku sababaraha faktor anu jadi bangbaluh sarta mangaruhan kana kamekaranana, di antarana alokasi waktu anu disadiakeun, jeung kurangna minat siswa kana diajar aksara

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Sunda. Di sagigireun éta, anu kaciri leuwih jelas nya éta faktor kurangna kamampuh guru dina ngawasa pangajaran aksara Sunda, sarta kurangna kamampuh guru dina ngalarapkeun métode pangajaran pikeun pangajaran aksara Sunda.

Dina kanyataan di lapangan, aya sababaraha masalah anu kapanggih dina pangajaran aksara Sunda, nya éta kurangna *motivasi* siswa pikeun diajar aksara Sunda, média anu dipaké ku guru kurang ngirut, nu antukna siswa gampang bosen dina waktu narima pangajaran ti guru, sarta kurangna kamampuh guru dina milih métode pangajaran, anu antukna guru ngan saukur maké métode ceramah wungkul. Saenyana, hal siga kitu bisa ngabalukarkeun prosés diajar aksara sunda henteu kondusif sarta hasilna kurang nyugemakeun. Padahal réa pisan métode pangajaran anu bisa dipaké salian ti métode ceramah, diantaranya waé métode tanya jawab, métode diskusi, métode kerja kelompok, simulasi, démonstrasi, métode multisénsori jeung sajabana (Ismail, 2011).

Salasahiji métode pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran aksara Sunda nya éta métode pangajaran multisénsori. Numutkeun pamadegan ti Fernald dina Suprianto (2007: 27) yén:

Metode Fernald atau VAKT (Visual, Auditori, Kinestetik, Taktil) atau disebut juga Metode Multisensori, merupakan suatu cara yang teratur yang digunakan untuk membantu anak mencapai peningkatan kemampuan kognitif dan perilaku adaptif dengan lebih memfokuskan pada pemfungsian semua indera/ sensori (seperti penglihatan, pendengaran, penciuman, kinestetik, dan pengecap) dari anak secara simultan.

Dina métode multisénsori, anu digunakeun teu saukur paningali jeung pangrungu wungkul, tapi pangrampa jeung panggerak ogé kudu dipaké. Ieu hal

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

sarua jeung pamadegan ahli yén diajar maké *indera ganda* bisa méré kaonjolan séjén ka murid sangkan bisa diajar leuwih maksimal ti batan murid anu ngan saukur dibéré matéri ngaliwatan stimulus paningali atawa stimulus pangrungu hungkul. Numutkeun pamadegan Baugh dina Arsyad (2007, 11) “*Bahwa kurang lebih 90% hasil belajar seseorang diperoleh melalui indera penglihatan, 5% dari indera pendengaran, serta 5% lagi dari indera lainnya*”.

Dina métode pangajaran multisénsori, guru bisa ngagunakeun média anu matak ngirut minat siswa pikeun diajar aksara Sunda, sarta éta média bisa nyieun siswa leuwih aktif dina prosés diajar aksara Sunda.

Ku kituna, dipiharep métode multisénsori bisa dijadikeun métode alternatif pikeun ningkatkeun *motivasi* siswa kana diajar aksara Sunda, kalayan hasil anu nyugemakeun.

Panalungtikan ngeunanaan pangajaran aksara Sunda mémang geus loba dilaksanakeun, di antarana waé ku:

- a. Nur Kurnia Asih nu judulna “Kamampuh Nulis Aksara Sunda Ngagunakeun Métode Demonstrasi SMA Kelas X YAS Bandung” ;
- b. Firman Setia Budi “Éféktivitas Média Visual dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda di Kelas X SMK BPP Bandung Taun Ajar 2009/2010” ; jeung
- c. Dede Riza Nurjaman nu judulna “Éféktivitas Métode Latihan pikeun Pangajaran Nulis Aksara Sunda. “ (Studi Ékspérimén di Kelas X SMA Negeri 10 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)”.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Sanajan panalungtikan ngeunaan pangajaran aksara Sunda geus kungsi dilaksanakeun, tapi anu nalungtik dumasar kana métode multisénsori can aya. Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu panalungtikan nu dijudulan “Métode Pangajaran Multisénsori dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung)” dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan diwatesanan ngan saukur néangan hasil babandingan pratés jeung postés siswa kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung dina kamampuh nulis aksara Sunda maké métode multisénsori.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan, nya éta:

- a. Kumaha kamampuh awal siswa dina nulis aksara Sunda saméméh diajar ngagunakeun métode multisénsori?
- b. Kumaha kamampuh ahir siswa dina nulis aksara Sunda sanggeus diajar maké métode multisénsori?
- c. Naha métode multisénsori éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda?

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho éféktivitas métode multisénsori dina ningkatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus, nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung saméméh ngagunakeun métode multisénsori;
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung saanggeus maké métode multisénsori; jeung
- c. Éféktivitas métode multisénsori dina ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat boh mangpaat teoritis boh mangpaat praktis pikeun kamekaran dunya atikan.

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré sumbangan pamikiran jeung informasi pikeun sistem pendidikan hususna dina milih métode anu éféktif pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat praktis

Sangkan leuwih jéntré, baris diwincik sababaraha mangpaat anu sifatna praktis, nya éta:

a. Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh kaéféktifan métode multisénsori pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

b. Pikeun Siswa

Hasil tina ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun siswa anu miboga masalah dina pangajaran nulis, hususna nulis aksara Sunda. Panalungtik nyoba ngalarapkeun métode multisénsori pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda, kalayan harepan sangkan siswa bisa kamotivasi pikeun daék diajar sarta ngagunakeun aksara Sunda nu bener tur merenah.

c. Pikeun Guru

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh hiji métode anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda.

d. Pikeun nu maca

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa nambahan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan éféktifitas métode multisénsori pikeun pangajaran aksara Sunda.

e. Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda jadi leuwih euyeb ku sarupaning métode pangajaran anu hadé, lantaran ieu métode geus kauji ngaliwatan hiji panalungtikan.

1.5 Sistematika Penulisan

Bab I

Bab I minangka bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Eusi Bab I baris medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunana panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta nu pamungkas sistematika penulisan.

Bab II

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Bab II minangka bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar leuwih jero ngeunaan tiori nulis, aksara Sunda, jeung métode multisénsori. Salian ti éta, dina bab II aya raraga mikir jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III

Bab III minangka bab anu ngabahas ngeunaan kumaha métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan sacara leuwih jembar katut desain panalungtikanna, variabel jeung wangenan operasionalna, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, populasi jeung sampel panalungtikan, ogé kumaha carana ngolah data hasil panalungtikan. Salian ti éta, bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV miboga pakuat-pakait anu tangtu.

Bab IV

Bab IV minangka bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun. Hasil atawa henteuna panalungtikan bisa katitén tina bab ieu.

Bab V

Bab V minangka kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun pikeun nu maca. Éta saran téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu